CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #६०

२५।५।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## काठमाण्डौ उपत्यकामे कोन व्यवसाय कोन समयमे सञ्चालन कर पायत ?

01 खाद्य वस्तु, दुध आ दुधजन्य पदार्थ, फलफूल, तरकारी, माछ मांस दुकान :
**भोर ११:०० बजे सँ  आ साँझ ५:०० बजे सँ ७:०० बजे तक**

02 शपिङ मल, फेन्सी स्टोर, कपडा दुकान, कस्मेटिक दुकान :
**सोमदिन, बुधदिन आ शनिदिन**

03 बर्तन आ भन्साघर सँ सम्बन्धित साथे ओही प्रकृतिके आरो दुकान :
**रविदिन, मंगलदिन आ शुक्रदिन**

04 फर्निचर आ अटोमोबाईल सम्बन्धी दुकान : **सोमदिन आ बुधदिन**

05 फुटपाथ दुकान, ठेला व्यापार, स्टेशनरी दुकान, ईलेक्ट्रिकल आ ईलेक्ट्रोनिक्स् दुकान, डिपार्टमेन्ट स्टोर : **भोर ११:०० बजे तक आ साँझ ४:०० बजे सँ ७:०० बजे तक**

06 सवारी साधन मर्मत सम्बन्धी वर्कसप : **भोर ८:०० बजे सँ बेलुकी ८:०० बजे तक**

07 सहकारी सँस्थासभ : **भोर ११:०० बजे सँ दिउँसो ३:०० बजे तक**

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/

## नेपाल अपडेट



दैलेखके दुल्लु क्षेत्रमे कोरोना प्रतिकार्यमे कमाण्डरके भूमिका निर्वाह कएनिहार डा. पूजा बिसीके दुल्लु नगरपालिका सम्मान करैत

तस्बिर: महेन्द्र केशर खनाल

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: ८,१०,४८५

पोजेटिभ: ५०,४६५

उपचाररत: १४,४४८

मृत्यु : ३१७






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



सब पालिकामे ५ बेडके अस्पताल एक सप्ताह भितर सञ्चालन करवला बात कि छै ?

स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोभिड-१९ महामारीके बीच देशभैरके सब पालिकामे अनिवार्य अस्पताल सञ्चालनमे लाबके निर्णय केने छै । अखन ६४९ स्थानीय तहमे अस्पताल नै छै । मन्त्रालय कम्तिमे ५ बेड सहित १ चिकित्सक आ २ नर्स सहितके अस्पताल तत्काल सञ्चालनमे आनके निर्णय केने छै । अईके लेल प्रत्येक स्थानीय तहके जरुरतके बेड लगाएत उपकरण आ जनशक्ति व्यवस्थापनके लेल १० लाखके दरसँ कोरोना रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचार कोष सँ रकम निकसा भचुकल छै ।


स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2086



कर्णालीसँ भारत जायवला सबके नेपालगञ्ज होईत भारत जालरहल छै ? फेर एकटा जिलासँ दोसर जिला प्रवेश कर नै देब सेहो कहने छै । खास बात कि छै ?

कर्णाली प्रदेशसँ आबवला सबके भारत जायके अनुमति नै देने छै । भारतके कम्पनीसभमे कामकरवला कामदारके हकमे कम्पनीके कामदार प्रमाण-पत्र लेने कामदारके मात्रे सीमा प्रवेशके अनुमति देने छै । तहिना कलक, भारतमे स्थायी बसोबास करहलसभके हकमे मुदा आधार कार्ड भेलसभके भारत जायदेबके अनुमति देल गेलछै ।

स्रोत: जिल्ला प्रशासन कार्यालय बाँके



काठमाण्डौ उपत्यकामे सब तरहके यातायात खुललैय ?

काठमाण्डौ उपत्यकामे २०७७ भादव २५ गते सँ लागु करके हिसाबसँ सार्वजनिक तथा निजी सवारी साधन जोर बिजोर प्रणाली अनुसार सञ्चालन हेतै । लेकिन, सब सार्वजनिक यातायातके साधन मुदा चल नै पाओत । उपत्यका भितर १६ सिट सँ बेसी क्षमता भेल सवारी साधनके मात्रे कूल सिट क्षमताके आधा सँ बेसी नै बढे तेना कलक सेवा सञ्चालन कर पाओत । आ स्वास्थ्य सुरक्षाके मापदण्ड पूर्ण पालना कर पड्त । ट्याक्सीके हकमे मुदा चालक सहित ३ कोई आ परिवार भितरके ५ वर्षसँ कम उमेरके धियापुता २ कोई तक राईखक चला सकैत अछि ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/



कोरोना संक्रमित भलक निक भेलसभके खुन संकलन भलरहल अछि कहादन । कि सब संक्रमित निक भेलाके बाद फेरो खुन परिक्षण कराब पड्तै ?

कोरोना संक्रमणसँ निक भेलसभके खुन परिक्षण कर नै पड्तै । अखन नेपालमे सेहो प्लाज्मा थेरापीद्वारा कोरोना संक्रमित भेल जटिल बिमारीके ईलाज भलरहल छै । प्लाज्मा थेरापीके लेल कोरोना पोजिटिभ भलक निक भेलसभके खुन जरुरत परलाके कारण, कोरोनाके संक्रमण भलक निक भेलसभके मात्रे खुन संकलन कएलगेल छै । ई अनिवार्य नै छै । संक्रमणसँ निक भेल आदमी स्वेच्छा सँ ओना रक्तदान केने अछि । अई प्रकारके खुन कोरोना संक्रमितके लेल मात्रे प्रयोग कएलजाईत छै ।

स्रोत: नेपाल रेडक्रस रक्तसञ्चार सेवा केन्›

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ






COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार


| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,२३,०१२ संक्रमित | ९२,०८२ संक्रमित | ५७,४५० संक्रमित | १,२०,८४६ संक्रमित | ७५,९८१ संक्रमित | ८७,९३९ संक्रमित | ९,५८३ संक्रमित | २१,७४३ संक्रमित |
| १८७५ नेपाली संक्रमित | १६५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २२,५०० नेपाली संक्रमित | २४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित |
| ११ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## कुवेत आ यूएई सम्बन्धी महत्वपूर्ण जानकारी

### कुवेत

कुवेतमे नेपाल लगाएत ३२ टा देशसँ सिधा उडान मार्फत आब रोक लगाईवतो कुवेतके भिषा आ श्रम स्वीकृति भेलसभ कुवेत जाएसकैत अछि । ओहीके लेल यू.ए.ई.मे भिजिट भिषा लएक १४ दिन क्वारेन्टाइनमे रहलके सहजे एयरपोर्टसँ आब देब कहिक नेपाली दुतावास आबुधाबी सूचना निकाईलक जानकारी देने अछि ।

### यूएई

- यूएईमे कम होईत गेल कोरोना संक्रमितके संख्या फेर बढ् लागलाके बाद सचेतना जगाब आग्रह कएलगेल छै।
- यू.ए.ई.मे कोरोना परीक्षणके शुल्कमे कमि कएलगेल छै। बदा म्जबदष मे अखन २५० दिरहाममे परीक्षण करा ओत जाएसकैत अछि । रोगके लक्षण भेल आ कोरोना लागल संक्रमितके सम्पर्कमे आएलके लेल मुदा कोरोना परीक्षण नि:शुल्क हेतै ।
- बाहरसँ फिर्ता आबैतकाल दुबई एयरपोर्टसँ छि त, कोरोना नेगेटिभ रिपोर्ट भेलसभके क्वारेन्टटाईनमे जाय नै पड़तै। लेकिन, ईमिरेट्समे १४ दिन क्वारेनटाईनमे रह पड़तै ।


**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे **UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००


## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च





accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## कर्णाली प्रदेश सामाजिक विकास मन्त्रालय कोभिड - १९ के लेल छुट्याओलगेल बजेट




## कर्णाली प्रदेशमे कोभिड-१९ के लेल छुट्याओलगेल जम्मा रकम




कर्णाली प्रदेशमे २७,४९५ सामान्य बेड आ १,३८७ आईसोलेशन बेड सहितके ७२४ क्वारेन्टाईन सञ्चालन कर ३२ करोड ८० लाख रुपैयाँ खर्च भेल छै । सबसँ बेसी खर्च समग्रमे प्रदेश अस्पताल आ जिला स्थित जनस्वास्थ्य कार्यालयसभमे भेल छै । बिनियोजन भेल रकम मे सँ कर्णाली स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान, जिला अस्पताल आ जिला जनस्वास्थ्य कार्यालयसभके खर्च प्रतिशत बढिया छै । ओत बिनियोजित भेल लगभग सब रकम खर्च भेल छै । कर्णाली प्रदेश कोरोना प्रतिकार्यमे बढिया काम केने बात करैतकाल, कर्णाली प्रदेश स्वास्थ्य निर्देशनालय, प्रदेश अस्पताल आ प्रदेश आयुर्वेद अस्पतालके खर्च प्रतिशत तुलनात्मक रुपमे कम छै । यदि ई सब खर्चके सुक्ष्म अध्ययन आ मुल्यांकन कलक आगु बढबै त, कर्णाली प्रदेश कोरोना प्रतिकार्यके सन्दर्भमे उदाहरणिय प्रदेशके रुपमे आगु आब सकैत अछि ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## एकमाया बि.क.

उपाध्यक्ष, खजुरा गाउँपालिका, बाँके

"जनसम्पर्कमे रहपइलाके कारण पहिलबेर कोरोना परिक्षण करलापर नतिजा नेगेटिभ एलासँ किछ राहत महसुस भेल । दोसर वेर, हमरे कार्यकक्षमे काम करवला सहकर्मीमे कोरोना देखेलापर बहुते डर लागल । परीक्षण करेलापर फेर नतिजा नेगेटिभ आएल । अईसँ हमर मनोबल बढावके साथ साथे कोरोना प्रतिके डर आ अई प्रतिके बुझाई पूर्णरुपसँ परिवर्तन कल देलक । सावधानी अपनेबै त ओहिना कोरोना नै लगैत छै । सरकारद्वारा निर्धारण कएलगेल प्रोटोकलके स्वीकार कलक अपने आ अपन समुदायके कोरोना मुक्त बनावमे सहयोग केनाई अपनासभके दायित्व छै ।

## सन्जु कुमारी चौधरी

उप-प्रमुख कोहलपुर नगरपालिका, बाँके



"भारतसँ फिर्ता आएलसभ क्वारेन्टाइनमे रह नै चाहला सँ समस्या भलरहल छै । ओहन घरघरमे जालक परामर्श देलासँ संक्रमित होबके डर रहैत छै । जनप्रतिनिधि भेलाके कारण एकर विकल्प नै छै । अखन समुदाय स्तरमे देखाएल संक्रमणसँ आरो चूनौती बढादेने छै । हुनकासभके लेल सुविधा सम्पन्न आईसोलेशनके व्यवस्था होटल अतिथिमे केने छी । तेकर सब खर्च नगरपालिका बहन करहल अछि । आब विदेशसँ दशमी दिपावली मनाब घर आबसँ पहिले क्वारेन्टाईनके लेल प्राकृतिक चिकित्सालयके मर्मत कार्य सम्पन्न करमे लगल छी ।"



## हरी बस्नेत

प्रहरी निरिक्षक, वडा प्रहरी कार्यलय, नेपालगञ्ज

"नेपालगञ्जमे कोरोना समुदाय स्तरमे फैलिरहल समयमे, वडा प्रहरी कार्यलयमे सेहो कोरोना देखेलै । तेकरबाद हमसभ कार्यालयके पूर्ण रुपसँ सिल केलौ । जैके परिणाम स्वरुप किछ समय कार्यालयके काजसेहो अवरुद्ध भेलै । नेपालगञ्ज बहुते जाईतपात आ धर्मके आदमीसभके रहवला जगह छै । धार्मिक पाबैनतिहार सँ भीडभाड बढाबैत छै । हालसाले मुस्लिम धर्मालम्बिसभके पाबैन मोहर्रम भेलछलै । एहन अवस्थामे भीड व्यवस्थित केला सँ संक्रमणसँ बचके सम्भावना कम देखारहल छै । हिन्दुसभके पाबैन दशमी आ दिपावली आबिरहल छै । अईसँ व्यवस्थापनमे आरो चूनौती बढतै ।"

# बेरोजगारके दैनिक गुजारा करके विकल्प देबमे सरकार असफल




नेपालके संविधानके धारा ३३ सँ रोजगारीके हकके मौलिक हकके रुपमे समावेश केने छै । अहि हकके कार्यान्वयन करके प्रमुख उद्देश्य सहित आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रमके अवधारणा आगु आनलगेल छलै । एकर उद्देश्य पाँच वर्ष भितर कोनो भी नेपाली नागरिकके बाध्यतासँ वैदेशिक रोजगारीमे जायपरवला अवस्थाके अन्त्य केनाई छलै । सरकारके महत्वाकांक्षी अवधारणा अनुरुप विदेशमे काम करवला नेपालीके स्वदेश फिर्ता अननाई ओते सहज नै छलै । लेकिन, कोरोना महामारीके विषम परिस्थिती सँ विदेशमे भेल नेपालीके नेपाल फिर्ता आबके अवस्था बनादेलक । आरो प्रतिकुलताके छोईरके देखबै त कोरोना महामारी नेपाल सरकारके लेल क्षमतावान युवाके क्षमताके स्वदेशमे सदुपयोग करके अवसरके रुपमे लेल जासकैत अछि ।

आर्थिक वर्ष २०७७/७८ के बजेटमे प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम मार्फत २ लाख कोईके रोजगारी उपलब्ध कराब रु. ११ अर्ब ६० करोड बजेट बिनियोजन कएलगेल छै । ७५३ टा स्थानीय तह रोजगारी निर्माण कर युवा केन्द्रित कार्यक्रम अनने छी कहने अछि । कोरोनाके कारण रोजगारी गुमौने आ तत्काल पुनरुत्थान भलक रोजगार निर्माण होब नै सकवला क्षेत्रमे कार्यरत मजदुरके दक्षता रुपान्तरण कलक कम्तीमे ५० हजार आदमीके रोजगारी सुनिश्चित कर रु. १ अर्ब छुट्याओल गेलछै । थप ७५ हजार आदमीके सीपमूलक तालिम प्रदान कर ४ अर्ब ३४ करोड बिनियोजन कएलगेल छै । अईसंगे देश भितर बहुतो रोजगारके अवसर निर्माण करवला कार्यक्रमके घोषणा कएलगेल छै ।





कोरोना महामारीके बिचमे बहुते नेपाली भारत आ खाडी मुलुकसँ फिर्ता आएल । आरो विदेशसँ उद्धार करपरवला नेपालीके सरकार उद्धार कर नै सकल बात अखन हरेक तह तप्कामे बहसके विषय बनिरहल छै । सरकार विदेशसँ फिर्ता आएलसभके लेल क्वारेन्टाईनके व्यवस्थापन कर नैसकल, परिक्षण कर नै सकल बहस आब धिरेधिरे पुरान भलरहल छै । कोरोनाके संक्रमण सँ सेहो रोजगार नैभेला सँ भुखमरीसँ आदमी मरसकके प्रक्षेपण होबलागल छै । उदाहरणके लेल, भादव २४ गते बुधदिन मात्रे कैलालीके त्रिनगर नाका भलक ७४८ कोई नेपाली भारतसँ नेपाल आयल तँ ५६८ कोई नेपाली ओही नाका भलक रोजगारी खोजैत भारत गेल । तहिना कलक, सुदूरपश्चिमके भारतसँगे जोडल दोसर प्रमुख नाका गड्डाचौकी नाका भलक ओही दिन ४० कोई नेपाली नेपाल आएल त ८२ कोई नेपाली भारत गेल । एहन महामारकि समयमे घर परिवार छोईरक विदेश जायवला युवाके दैनिक गुजारा करके अन्तिम विकल्प देव सरकार असफल भलरहल छै । अई महामारकि जटिल परिस्थितिमे अपन नागरिकके सुरक्षा करपरवला सरकार दैनिक गुजारा करके लेल सिमापार करके अनुमती देब किया लाचार भलरहल छै ? कि सरकारद्वारा रोजगारी निर्माण कर आनलगेल योजना तथा कार्यक्रम ओई युवासभके नै समैटैत छै ? कि नेपालके संविधानद्वारा कहलगेल अनुसार रोजगारीके हकके मौलिक हकके रुपमा समावेश करवला बातके ई दृष्टान्त उपहास त नै करहल छै ?

- **सुरेश चन्द**

# कि काठमाण्डौ उपत्यकामे संक्रमितके संख्या नै घटतै ?

## काठमाण्डौ उपत्यकामे भादव १० गते सँ २४ गते तक दैनिक कोभिड - १९ सँ संक्रमितके संख्या




तीन सप्ताह सँ काठमाण्डौ उपत्यकामे निषेधाज्ञा जारी कएलगेल छै । अन्तिम दू सप्ताहमे काठमाण्डौ, भक्तपुर आ ललितपुरके दैनिक संक्रमितके संख्या देखबै त, संक्रमण नियन्त्रणमे आएल या नियन्त्रणमे कोनो सुधार आएल नै देखाईत छै । तहिना कलक, तीन सप्ताहसँ बेसी समयसँ देशके दैनिक सबसँ बेसी नयाँ संक्रमित देखाएल जिला काठमाण्डौ छै । काठमाण्डौ उपत्यका सबसँ बेसी जनघनत्व भेल जगह भेलासँ सेहो दोसर जिला सँ एत व्यक्ति-व्यक्ति बीचके सम्पर्क बेसी होईछै । अखन निषेधाज्ञा ढिला भेलासंगे व्यवसाय खुलिरहल छै अईसँ काठमाण्डौ उपत्यका आबवला दिनसभमे कोभिड-१९ के केन्द्र बनके जोखिम अखनो बाकीए छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागारिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर बिभिन्न आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs